

“Cautions & Council” – Prekosyon ak konsèy

I. Jwenn mo ki manke a:

1. Dèyè mòn gen _____ mòn
2. Begeyè _____ pèdi
3. Pasyans bèl, lavi _____ long.
4. Pa gen _____ pa jwe ak zwazo. zèl
5. Lè y ap _____ poul, kodenn pa ri. plimen
6. Bat chen, _____ mèt li. tann

II. Jwenn bout pwovèb la

1. Pito ou sòlda nan paradi, |__pa Ginen.
2. Pa manyen nèg ki |__ tè glise.
3. Byen lwen |__ tòde ke l.
4. Bon |__pa dire.
5. Lavi se |__ benyen nan gwo dlo
6. Si ou vle wè plezi vye tonton, |__ ou pa chèf nan lanfè.

III. Esplike sans pwovèb sa yo

1. Se mèt kò ki veye kò.
2. Nan twòp piwèt, lougawou kite jou bare l.
3. Bo nan bouch, men pè dan (22)
4. Pòtoprens vann men li pa bay papye (24)
5. Lajan pa janm al kay gangan pou l tounen.
6. Rete trankil se remèd kò.

IV. Batay sajès: wè si gwoup ou a kapab rekonstwi pwovèb la.

1. Chay ki pare pou bèlmè ou,... se manman ou ki va pote l. (31)
2. Malfini pou grann,... poul pou grann.
3. Pastè ap danse,... l ap veye nan makout li. (33)
4. Zonbi gade je mèt kay,... anvan li di, lonè.
5. Pyebwa ki wo di li wè lwen, grenn.. pwomennen di li wè pase l.

V. Fè yon ti dyalòg kote ou sèvi ak yonn nan pwovèb yo.

1. Veye zo ou.
2. Se pa ak rara yo kenbe zwazo.
3. Lè lougawou frekante ou, atansyon pitit ou.
4. Lè ou an devenn, lèt kase tèt ou. (45)
5. W ap bay yon kawo tè pou yon dan krab (48)
6. Kou ou prese, kafe ou koule ak ma.

1. Tout kòd gen de _____ bout
2. Raje gen _____ zòrèy
3. Sa ki ba ou konsèy achte chwal gwo vant nan tan _____
p ap ede ou nourir li nan tan _____ lapli / sèk
4. Lang pa gen dan, men li _____ pi rèd mòde
5. Pa konnen pa janm al nan _____ prizon

pp. 143-162 Dealing with hardships

Finis pwovèb yo ak sa k manke a *oubyen* ak sa k lojik la.

1. Degaje _____ pa peche.
2. Nan fè bren, _____ raje se lougawou.
3. Chay soti sou tèt, _____ tonbe sou zèpòl.
4. Se moun ki pran kou _____ ki pare kou.
5. Bèl rivyè, _____ nanpwen rad.
6. Egzile pi bon _____ pase fizye.
7. M fin mouri, _____ m pa pè santi.

Ranpli espas vid la

1. Rad ki _____ mete jouk li _____.
2. Chen achte tafya, chat bwè tafya, _____ _____.
3. Apre lamès se _____.
4. Degoute mennen _____.
5. _____ pa respekte granmoun.
6. Pito _____ pa kriye; _____ pa kriye.

1. mete, chire / 2. chen sou / 3. vèp / 4. koule / 5. chik / 6. pitit, manman

Tradui:

Yon pye poul miyò pase yon bwa dan.

Pito lakwa ale kay zanmi; li pa le lakay ou.

Tan pare pa di lapli pou sa.

Sèvi ak yo:

1. Manje dan ou; di priyè ou (146).
2. Ti bouton mennen maleng; maleng mennen java (146).
3. Genyen pa anpeche manke (148).
4. Se apre batay ou konte blese (150)
5. Lavi se yon pantalon defouke san bretèl (153).
6. Chen vòlè, men chen itil (156)

Kreye yon pwovèb ak mo sa yo

falèz

vanyan

Human Behavior, 105-127

Konplete bout chak pwovèb:

1. Vòlè pa bay kanmarad li pote gwo _____ sak
2. Lavi long se plis _____ lespri
3. Se pa tout moun ki ale legliz pou _____ priye
4. Remèd timoun radi se _____ fwèt
5. Bèl flè san _____ zodè

Konplete konmansman chak pwovèb:

1. Timoun se bèt
2. Se yon bon katolik ki fè yon bon potestan
3. Se nan chemen jennen yo kenbe chwal malen
4. Lanmò manman yon nonm, se kout tafya yon lòt
5. Gason konn bouke, men pa fanm
6. Memwa se paswa

Esplike sans pwovèb sa yo:

1. Dòmì pa konn mizè.
2. Dòmì se ti frè lanmò.
3. Sa nèg fè nèg, Bondye ri.
4. Lè zonbi goute sèl li pa mande rete.
5. Ou gen lajan, ou gen fanm.
6. Figi ou se paspò ou.

Dikte

1. Bèl antèman pa di paradi.
2. Bondye konn bay men li pa konn separe.
3. Chak chaplè gen kwa pa li.
4. Se Bondye sèl ki konn doulè malere.

Esplike:

1. Bondye konn kenbe krab mete nan makout avèg.
2. Je wouj pa boule kay.
3. Ki mele Bondye nan grangou chen.
4. Bòkò di li rale moun nan bouch twou,
men se Bondye ki fè gerizon
5. Kòfrefò pa swiv kòbya.

Devine!

- | | |
|---|--------------------|
| 1. Kijan jijman Bondye vini? | = sou bourik |
| 2. Kisa ki p ap bwote sa Bondye sere pou ou? | = lavalas |
| 3. Poukisa Bondye mete maleng dèyè tèt chen an? | = pou l pa niche l |
| 4. Kisa kreyon Bondye pa genyen? | = gonm |
| 5. Kisa ki rive kochon an jou samdi a? | = mouri |
| 6. Kisa ki jistis Bondye? (panse bèf) | = kabwèt |
| 7. Gen yon jou pou Bondye ak yon jou pou...? | = dya |

Dealing with hardships, 143-162

Maryaj pwovèb:

- | | |
|------------------------|--------------------------------|
| 1. Nan fè bren | __ nanpwen rad – 2 (lave) |
| 2. Bèl rivyè | __ boukannen dlo - 5 |
| 3. Yon pye poul | __ pa peche - 4 |
| 4. Lè bab li pran dife | __ raje se lougawou - 1 |
| 5. Degaje | __ pi bon pase yon bwa dan - 3 |
| 6. Misye ap | __ mete pa ou alatrann - 4 |

Nan ki sitiyasyon ou pral sèvi ak pwovèb sa yo; fè yon dyalòg

Egzanp: Misye pran bal li ofon

1. Chat chode pè dlo frèt
2. Pito ou wè lwen [long-sighted] ou pa avèg
3. Egzile miyò pase fiziye
4. Gen anpil pa di kont, se pa gen ditou ki di kichòy
5. Lè w ap neye, ou kenbe nenpòt branch ou jwenn

Reponn keksyon sa yo

1. Nan mitan moun avèg, li se yon wa = bòy
2. Pito li menm kriye pase manman l = pitit
3. Kilè ou wè dèyè poul la = lè van vante
4. Kilè grangou tchoule (steps back) = lè machwè brannen
5. Ki moun mizè pa konnen? = mèt li
6. Poukisa lavi a se kòd sapat? ou pa ka konte sou li
7. Ki moun maladi ranje? = doktè
8. Maladi antre sou chwal, ki jan l soti? = Sou bourik

Getting by

I. Pratike ekri kreyòl:

1. Bwè tafya, respekte boutèy (pa bwè twòp, pa kraze boutèy la)
2. De pye pa sonde **larivyè** (sèvi ak yon bout bwa pito).

La rivière / larivyè a

II. Esplike sans pwovèb sa yo

1. Ti **zwazo** ki nan men vo plis pase **zwa** k ap vole. **Goose**
Manje kwit vo plis pase manje kri
Pa pèdi yon zanmi pou yon asosye
Pa pèdi yon bèl fanm pou yon fanm lèd
2. Pa pèdi yon **founo** pou yon sèl **pen**.
3. **Pye bèf pou pye bèf**, mwen ta pito achte kay **pratik**
4. Yon **ze** jodi pi bon pase yon **poul** demen
5. **Panyòl** pa kay
6. **Franse** pa kreyòl
7. Nan **goumen**, **grafonyen** se **kout zong**.

III. Aktivite transfòmasyon/kreyativite

Kounyeya, sèvi ak lòt mo pou fòme yon nouvo pwovèb ak sila yo w ap jwenn anwo a. Egzanp:

Pa pèdi yon maryaj pou yon menaj.

IV. Konplete pwovèb yo (Si ou pa konnen, imajine epi altène)

- | | |
|----------------------|--------------------|
| 1. Se tè ki bat | ki bwè lapli |
| 2. Bon mache | koute chè |
| 3. Piti piti zwazo a | fè nich |
| 4. Moun suiv | kouran |
| 5. Se sòt ki bay | enbesil ki pa pran |
| 6. Se de bon ki fè | bonbon |

V. Jwenn mo ki manke

- | | |
|---|------------------------|
| 1. Avantaj kòk se nan <u>zepon</u> l li ye. | |
| 2. Longè bouji ou, longè priyè ou. | Candle=balenn |
| 3. Sa ki pa la, pa l pa la. | |
| 4. Mezi lajan ou, mezi wanga ou. | The measure of |
| 5. Lè ou pa gen manman, ou tete grann. | |
| 6. Ou pa ka fè san soti nan wòch. | [2 mo manke] come from |
| 7. Sa ki pa sere pa ka chofe. | [2 mo manke] |

Work & employment

Èske ou kapab rekonstui pwovèb la?

1. Bon chwal toujou mouri ak maleng nan do
2. “Wi” pa monte mòn.
3. Mache chache pa janm dòmi san soupe.
4. Kapab pa soufri.
5. Chans pa vini de fwa.
6. Kredi pa peye tèt li.

Konnya, avèk enspirasyon pwovèb sa yo, èske ou kapab kreye yon nouvo pwovèb?

Egzanp: “Non” pa monte mòn nonplis.

Keksyon:

1. Èske lajan sere fè pitit? Non.
2. Èske zwazo a fè nich li rapid? Ki jan l fè l?
3. Èske moun fè bak devan grinbak?
4. Kisa fè yon chen danse? Lajan
5. Kisa ki fè moun monte ma swife a? Lajan
6. Kisa ki pa bay? Chita
7. Ki zwazo pa gra? Zwazo ki chante anpil.
8. Kisa ki p ap touye ou? Chemen long
9. Kisa ki nouri mèt li? Yon metye

Virtues & vices

Konplete pwovèb la:

1. Bay manti pou sove yon nonm, ... men pa pou mete l nanprizon.
2. Pale verite ... men pati la menm.
3. Granmèsi chen, ... se kout baton.
4. Ipokrit se ... kouto de bò
5. Chen pa djanm two vye ... pou l anraje
6. Piti pa ... chich
7. Ou vle tout... ou pèdi tout.
8. Tout bèt nan lanmè manje moun... men se reken ki pote move non.

Reponn keksyon yo sou pwovèb yo:

1. Ki baton ki pèmèt yon jwenn yon zoranj? Gòl.
2. Kisa ki fini **kanson** an? [pants] Chita chita
3. Ki kalite konpòtman mennen repwòch? Malonnèt
4. Kijan ou trape yon moun ki 'konn danse,' ki rize? Fent
5. Pa gen vòlè mande kisa? Pa gen sitirè
6. Èske chak maladi se pou doktè? Non
7. Ki kalite sigarèt ou pa dwe remèt yon moun? Limen nan 2 bout
8. Kisa ki bon? Sa ki ra.
9. Kisa ki kase wòch? Lajan
10. Si lanmou se plezi, ki sa ki lonè? Devwa

Mete yon mo ki lojik nan pwovèb sa yo:

1. Logèy degrese lòm
2. Kochon pa janm fache ak labou.
3. Pati bonè pa di konn chemen pou sa.
4. Nèg sòt se chwal move lespri.
5. Gason kou rèd konte kòb nan pòch.
6. Gran banda zandolit fè l mouri inosan.
7. Sòt pa touye, men li fè ou swe.
8. Lè ou manje pitit tig, ou pa dòmi di.

- Vini ak yon fèy preparasyon pou chak moun (15 kopi)
- Ou dwe prezante jou ou resevwa a.
- Ou gen 10 minit.
- Pratike anvan ou prezante. Gade moun yo pandan w ap pale.

Mekredi

Dejean p. 109-115	Vanessa
Turnbull, <i>Human Behavior</i> ;	Mirlene
Turnbull, <i>Fate, God, and the Supernatural</i> ;	Michou
Dejean, p. 116-120	Alex
Dejean, p. 120-125	Herold

Vandredi

Dejean, p. 126-131	Joanne
Dejean, p. 131-135;	Beatrice
Dejean, p. 135-143	Malaika
Turnbull, <i>Dealing with Hardships</i>	Luis

Lendi

Dejean, p. 144-147	Roosdele
Dejean, p.148-156 ;	Chris
Turnbull, <i>Food and Life</i>	Ashley
Dejean, p. 157-164	Laurel